



Pou Piblikasyon Imedya: 05/01/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO PREZANTE VENNSENKYÈM PWOPOZISYON NAN DIKSOU  
ETA LETA 2020 AN: KI PWOTEJE SANTE DLO LAK GEORGE YO**

***Li Anonse Amelyorasyon Izin Tretman Dlo Ize Lake George la***

***9.4 Milyon Dola Anplis nan Finansman Konble Vid nan Pwojè Bidjè a epi Li  
Mennen Investisman Total Eta a nan 14.9 Milyon Dola***

***Investisman sa a Pral Ekonomize Pou Kontribyab yo Prèske 25 Milyon Dola***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a vennsenkyèm pwopozisyon nan ajanda Eta Leta 2020 li an — ki pwoteje sante dlo Lake George yo. New York pral bay 9.4 milyon dola kòm sibvansyon nan Vilaj Lake George nan Konte Warren pou repare ak amelyore enfrastrikti kòlèk dlo ize li a epi prezève kalite dlo bote natirèl Lake George. Eta a pral bay 9.4 milyon dola anplis de sibvansyon 3 milyon pou Lwa sou Amelyorasyon Enfrastrikti Dlo (Water Infrastructure Improvement Act) a ak yon sibvansyon 2.5 milyon dola pou Pwojè Amelyorasyon Kalite Dlo (Water Quality Improvement Project) ke Depatman Pwoteksyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) la finanse, sa ki ranpli vid bidjè nan pwojè a sa ki mennen investisman total Eta a nan 14.9 milyon dola. Yo pral kouvri rès depans pwojè a ak yon prè zewo pousan enterè ki soti nan Environmental Facilities Corporation. Investisman sa a pral gen kòm rezilta ekonomi total pou kontribyab vilaj la yo ki ap prèske 25 milyon dola.

"Lake George se yon jwayo kouwòn nan anpil bèl lak ak woutdlo New York yo. Pwojè enfrastrikti dlo enpòtan sa a pral asire sante kontini dlo kristalin lak la epi fè avanse kwasans ekonomik atravè rejyon an", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "New York ap montre chemen an nan pwoteje kalite dlo, se pou tèt sa Eta a ap investi yon 3 milya dola istorik pou ede minisipalite yo adrese defi sa yo tèt pou tèt."

Vilaj Lake George pral kòmanse konstriksyon amelyorasyon izin enpòtan an Out 2019, epi li ap acheve konstriksyon yo an Out 2021. Izin tretman dlo ize ki amelyore a pral amelyore kalite dlo Lake George epi kontinye efò Vilaj la pou redwi polisyon eleman nitritif ki kapab deklanche kwasans alg ki danjere nan dlo klè selèb Lak la. Pwojè a pral genyen yon depans ke yo estime ak 24 milyon dola.

Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, Eta a ap fè plis pase jamè pou asire lonjevite pou mas dlo an sante ak san danje nan New York yo. Inisyativ global 65 milyon dola Gouvènè a, ke yo te lanse an 2018 la, pou konbat risk pwoliferasyon alg ki danjere yo ap sible mas dlo ki gen priyorite nan tout Eta a. Lake George se youn nan 12 mas dlo ki te sijè ak

planifikasyon aksyon entasif. Anplis, Gouvènè a ap investi 3 milya dola nan pwojè kalite dlo nan tout New York atravè Lwa sou Enfrastrikti Dlo Pwòp (Clean Water Infrastructure Act) 2017 la ak angajman yo te pran apre yo.

###

Lèt nouvell disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)